

Connecticut's Community Resource Coordinator Program



Pwogram nan

The Community Resource Coordinator (CRC) program (pwogram Kowòdonatè Resous Kominotè) a se yon patenarya piblik prive ki jwenn sipò nan men òganizasyon ki nan kominote yo. Pwogram lan depann de kontribisyon filantwopik, eta, lokal ak federal pou ede abitan yo pandan pandemi COVID-19 la.

CRC yo travay ak founisè yo epi ak òganizasyon kap bay sèvis yo pou ede moun yo jwenn sipò yo bezwen pou yo kapab fè izòlman oswa karantèn. Sa kapab gen ladan li asire aksè ak manje, lojman tanporè, oswa sipò finansye pou sa ki gen bezwen.

Eta te fè yon patenarya ak senk (5) òganizasyon kominotè ki nan rejyon an pou fè pwogram sa mache. Òganizasyon sa yo anplwaye CRC lokal ki konn kominote yo pou asire ke moun yo jwenn sa yo bezwen rapidman.

Chèchè Kontak yo, CRC yo, ak Founisè Sèvis yo

Chak moun ki fè pati de pwogram sa genyen yon wòl diferan ki enpòtan nan konekte moun yo ak pwogram epi sèvis yo bezwen

- **Chèchè kontak yo:** Chèchè kontak yo reyalize yon evalyasyon sou bezwen moun nan pandan konvèsasyon yo avè l, epi yo kapab refere moun lan bay yon CRC.
- **CRC yo:** Aprè yon referans, CRC yo mete moun ki bezwen èd yo an kontak ak founisè sèvis yo, oswa lè sa apwopriye, yo founi resous yo pèsònèlman.
- **Founisè Sèvis yo:** Founisè sèvis yo kapab ede moun ki bezwen resous tankou manje, abri, oswa sipò finansye an kowòdinasyon ak CRC yo.

Vizite ct.gov/coronavirus pou plis enfòmasyon sou
COVID-19 nan Connecticut

Resous Lokal ak Minisipal yo

Nou konnen ke minisipalite yo ap travay di anpil pou asire ke abitan yo jwenn sa yo bezwen pou kapab fè izòlman oswa karantèn, pou simonte kriz sa ansanm. Sa pwogram CRC an ap fè a pa dwe ranplase anyen nan travay sa. Men pito, CRC yo pral sèvi antan ke koneksyon ant moun ki bezwen èd yo ak sèvis minisipalite yo bay. Objektif la se pou ede moun yo jwenn sa yo bezwen pi rapid, CRC ka ede nan sa.

Sèvis ak Pwogram Sipò yo nan Eta

Amplis de sipò nan men minisipalite yo ak òganizasyon karitatif to, Eta Connecticut kontinye ap fè tout sa l kapab pou konplete nan èd sèvis kominotè pou abitan yo. Kèk egzanp sèvis ak pwogram atravè jefò Eta a:

- **Kit COVID yo:** Kit COVID ak materyèl nesèsè tankou tèmomèt, oksimèt pouls, ak mask disponib pou moun ki vle siveye sentòm yo.
- **Sipò pou lojman:** Anplis nan sèvis lojman yo, Eta a bay sipò li tou atravè opsyon pou moun yo rete nan otèl pandan yon peryòd kout, omwen pou rive fen ane a. Sa se pou moun ki pa kapab byen fè izòlman ak karantèn lan an tout sekirite lakay yo.
- **Kat Lajan Kash 4-CT yo:** 4-CT te bay finansman pou kat lajan kash ki kapab sipòte kèk depans debaz pou moun kap rate jou travay akòz izòlmanl oswa karantèn, epi ki kapab pa kalifye pou asirans moun san anplwa yo.
- **Asistans manje:** Avèk sipò 2-1-1 ak ekip kominote lokal yo, genyen yon kantite chwa manje ki disponib atravè patanarya ak bank manje epi konpayi tankou DoorDash.

Vizite ct.gov/coronavirus pou plis enfòmasyon sou COVID-19 nan Connecticut

Pou refere yon moun bay yon CRC

Pandan yon apèl pou rechèch kontak, yon chèchè kontak pral reyalize yon evalyasyon sou bezwen moun lan pou detèmine ki lòt sipò lap bezwen pou fè izòlman oswa karantèn lan. Si moun lan bezwen sipò anplis, chèchè kontak la kapab refere moun lan bay yon CRC atravè sistèm rechèch kontak Connecticut la, ContacCT, si kèk kritè respekte:

- Moun lan rete nan Eta Connecticut la.
- Moun lan (oswa paran oswa responsab legal) la bay konsantman l pou yo mete l an kontak ak yon CRC.
- Moun lan idantifye omwen yon bezwen ke lap genyen men li pap ka jwenn.
- Referans bay CRC a fèt nan peryòd moun lan dwe fè izòlman oswa karantèn lan.

Òganizasyon yo

Eta gen kontra ak yon òganizasyon nan chak rejyon pou fasilite pwogram Community Resource Coordinator an. Òganizasyon yo se:

- **Rejyon 1 (Konte Lower Fairfield):** Southwestern CT Agency on Aging (SWCAA)
- **Rejyon 2 (Greater New Haven):** Gilead Community Services, Inc.
- **Rejyon 3 (Greater Hartford):** Community Renewal Team (CRT)
- **Rejyon 4 (Eastern Connecticut):** Thames Valley Council for Community Action (TVCCA)
- **Rejyon 5 (Western Connecticut):** New Opportunities, Inc.

Yo te chwazi òganizasyon sa yo aprè yon apèl dòf ki te fèt pami òganizasyon ki genyen bon koneksyon nan kominote yap sèvi yo.

Vizite ct.gov/coronavirus pou plis enfòmasyon sou COVID-19 nan Connecticut